



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon wo nivo nan administrasyon li a.

"Pou rekonstui New York pi byen ke jan li te ye anvan an epi pote chanjman ki reyèl pou Nouyòkè yo, nou bezwen lespri ki meyè epi ki pi briyan yo travay ansanm pou rezoud pwoblèm ki pi enpòtan ke nou fè fas antanke yon eta," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun ki gen talan ki soti nan antesedan ki diferan sa yo genyen kapasite, konesans ak eksperyans ke nou bezwen pou fè eta sa vanse pou pi devan, epi nou enpasyan pou travay avèk yo."

Jeff Lewis te nonmen kòm **Chèf Pèsonèl pou Gouvènè a.** Anvan li te rejwenn Biwo Gouvènè a, Mesye Lewis te sèvi nan Biwo Gouvènè Hochul la lè li te Gouvènè Adjwen pandan plis pase sis lane, dabò kòm Diriktè Afè Ekstèn apre sa antanke Chèf Pèsonèl. Mesye Lewis te sèvi tou kòm Direktè Finans nan Recchia pou Kongrè a (NY-11) avèk nan wòl estaf nan Komite Kanpay Kongrè Demokratik la ak nan Chanm Reprezantan Ameriken an, kote li te travay pou Reprezantan Hochul lè li te Reprezantan (NY-26). Karyè politik li te kòmanse antanke yon entèn nan Biwo Grefye Hochul lè li te Grefye nan Konte Erie. Li genyen yon Lisans nan syans politik nan Inivèsite New York.

Linda Sun te nonmen kòm **Chèf Pèsonèl Adjwen.** Madam Sun te sèvi anvan kòm Sipèrentandan Adjwen pou Ofisye Zafè Entè-Gouvènmantal ak Divèsite Anchèf nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) Eta NY. Li te sèvi tou kòm Ofisye Divèsite Anchèf Adjwen ak Direktè Zafè Amerikano-Azyatik pou Chanm Egzekitif Eta NY la, Direktè Zafè Eksteryè pou Global NY nan Empire State Development ak Chèf Pèsonèl pou Manm Asanble Eta NY Grace Meng. Madam Sun Ameriken Azyatik ki nonmen nan grad ki pi wo epi li se yon imigran premyè jenerasyon. Li gen yon Metriz nan Teachers College nan Columbia University ak yon Lisans nan Barnard College nan Columbia University.

Melissa Bochenski te nonmen kòm **Chèf Pèsonèl Adjwen.** Li te sèvi anvan kòm Chèf Pèsonèl Adjwen Gouvènè Hochul lè li te Gouvènè Adjwen. Anvan li te vini nan Eta New York, li te travay kòm yon Analis Relasyon Estratejik nan M&T Bank. Soti 2011-2013, li te sèvi kòm yon Asistan Egzekitif ak Manadjè Biwo pou Reprezantan Hochul lè li te Reprezantan (NY-26). Madam Bochenski gen yon Lisans nan syans politik nan Canisius College.

Julissa Gutierrez te nonmen nan kòmansman 2020 kòm **Ofisyè Divèsite Anchèf pou Eta New York** epi li ap kontinye sèvi nan wòl sa sou administrasyon Hochul la. Antanke Divèsite Anchèf, Madam Gutierrez sipòte pwogram ak inisyativ Gouvènè yo pou ogmante divèsite nan mendèv Eta a epi li te deja ogmante responsabilizasyon sivik, ekonomik ak sosyal nan divès kominote. Nan mwa me 2021, Vil ak Eta New York te rekonèt Madam Gutierrez kote yo te nonmen li #1 nan Lis 50 premye MWBE yo. Madam Gutierrez te sèvi dabò kòm Direktè Adjwen nan Kesyon Sikonskripsyon Elektoral nan biwo Gouvènè a, nan plizyè wòl nan Asosyasyon Nasyonal Latino ki Eli yo ak nan Fon Edikatif pou Ofisyèl yo Nonmen yo ak antanke Asistan Espesyalis pou Komisè nan Depatman Jenès ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development) Vil New York. Madam Gutierrez se yon Manm Konsèy nan Otonomizasyon Kominote Nouvo Imigran (New Immigrants Community Empowerment), yon Manm Konsèy Administrasyon pou Bibliyotèk Piblik Queens, ak yon Manm Konsèy pou Fondasyon Bibliyotèk Piblik Queens lan. Li gen yon Metriz nan Administrasyon Sèvis Piblik nan University of Chicago ak yon Lisans nan Relasyon Entènasyonal ak yon Diplòm nan Etid sou Fanm nan University of Delaware.

Shirley Paul te nonmen kòm **Konseye Prensipal Gouvènè a**. Anvan li te rejwenn biwo Gouvènè a, li te sèvi kòm Asistan Direktè pou Zafè Lejislatif nan Administrasyon Sistèm SUNY. Madam Paul te travay nan gouvènman eta a nan plizyè wòl, ki enkli travay ak Gouvènè Hochul lè li te Gouvènè Adjwen kòm Konseye Prensipal ak Konseye epi antanke yon Asistan Jiridik nan Sistèm Tribinal Eta NY la. Madam Paul te kòmanse karyè li nan sèvis piblik nan biwo Senatè Joseph R. Biden lè li te Senatè. Li se yon manm nan plizyè asosyasyon sivik ak òganizasyon pwofesyonèl epi yo te prezante li nan City & State nan Klas 2019 Albany 40 Under 40 (Mwens pase 40 an) kòm yon etwal k ap monte nan gouvènman eta a. Madam Paul se yon natif Brooklyn premye jenerasyon desandan Ayisyen. Li gen yon Lisans nan Syans Politik nan Delaware State University, yon Metriz nan Planifikasyon Iben ak Administrasyon nan Brooklyn College ak yon Doktora nan Dwa nan New York Law School.

Sinéad Doherty te nonmen kòm **Sekretè Adjwen pou Operasyon Egzekitif**. Anvan li te rejwenn biwo Gouvènè a, li te sèvi kòm Direktè Operasyon pou òganizasyon san bi likratif ki baze an Kalifoni, Good Tidings Foundation. Madam Doherty te travay nan kanpay prezidansyèl Biden for America (Biden pou Amerik la), nan sipòte planifikasyon reprezantan ak pwomosyon nan Iowa, apre li te sèvi kòm Direktè Nasyonal Vwayaj pou kanpay Amy For America (Ame pou Amerik la). Li te travay anvan pou Gouvènè Hochul lè li te Gouvènè Adjwen kòm Direktè Operasyon, te sèvi kòm Asistan Konfidansyèl pou Sekretè Sylvia Mathews Burwell lè li te Sekretè nan Depatman Sèvis Sante ak Imen (Department of Health & Human Services) Ameriken, epi li te Direktè Pwomosyon Adjwen pou Lidè Nancy Pelosi lè li te Lidè Demokratik nan Lachanm. Li genyen yon lisans nan relasyon entènasyonal nan Boston University.

Padma Seemangal te nonmen kòm **Sekretè Adjwen pou Operasyon Politik**. Madam Seemangal te sèvi kòm Direktè Kominikasyon ak Zafè Piblik nan Global Strategy Group ak yon Konseye Prensipal pou Gouvènè Hochul lè li te Gouvènè Adjwen atravè Pwogram Bousye Empire State la. Li te sèvi tou kòm Manadjè Pwogram ak Kominikasyon pou Women Creating Change ak Direktè Egzekitif pa Enterim nan Indo-Caribbean Alliance,

Inc. Li te sèvi kòm yon konsiltan politik pou Defansè Piblik pou Vil New York ak yon konsiltan ekip pou Manm Konsèy Vil New York Ritchie Torres ak Depatman Zafè Kiltirèl (Department of Cultural Affairs) vil New York. Li gen yon Lisans nan Etid Literati Anglè ak Gouvènman nan St. Lawrence University ak yon Metriz nan Analiz ak Jesyon Politik Iben nan Milano School for International Affairs at the New School.

Hazel Crampton-Hays te nonmen kòm **Atache pou Laprès**. Madam Crampton-Hays te sèvi pi resaman kòm Atache pou Laprès pou Kontwolè Vil New York Scott Stringer. Anvan, li te sèvi nan Biwo Laprès Gouvènè a, ki enkli kòm Premye Atache Adjwen pou Laprès. Li gen yon Lisans nan Politik ak Relijyon nan Oberlin College.

Jelanie DeShong te nonmen kòm **Sekretè Asistan pou Afè Entègouvèmantal yo**. Mesye DeShong te sèvi pi resaman kòm Direktè Relasyon Gouvènman pou State University of New York, Downstate Health Sciences University, epi anvan kòm Direktè Angajman Kominotè pou Gouvènè Hochul lè li te Gouvènè Adjwen. Mesye DeShong te pase prèske yon deseni nan wòl siperyè nan nivo gouvènman eta ak lokal yo. Mesye DeShong se yon natif Brooklyn premye jenerasyon desandan Grenadyen. Li se yon pwodui sistèm lekòl piblik Vil la. Mesye DeShong se yon manm aktif kominote li a epi li abite Flatbush, Brooklyn kote li te grandi.

Devan Cayea te nonmen **Direktè Planifikasyon Estratejik ak Pwogramasyon**. Anvan li te rejwenn administrasyon an, Mesye Cayea te sèvi resaman nan ekip tranzisyon an ak nan biwo Senatè Alex Padilla (D-CA), se yon ansyen konseye prensipal ak Direktè Planifikasyon Estratejik Nasyonal pou kanpay prezidansyèl Amy for America, epi li te Direktè Operasyon nan biwo Senatè Klobuchar nan Capitol Hill. Li te sèvi tou nan kanpay prezidansyèl Biden for America, nan kowòdinasyon vwayaj nasyonal pou Dezyèm Sitwayen Doug Emhoff pandan sik 2020 an. Mesye Cayea te kòmanse karyè li kòm Direktè Adjwen Pwogramasyon ak Pwomosyon pou Lidè Demokratik Lachanm Nancy Pelosi (D-CA). Mesye Cayea gen yon Lisans nan American University.

Fohat Aird-Bombo te nonmen kòm **Direktè Pwomosyon**. Mesye Aird-Bombo te sèvi anvan nan Biwo Gouvènè Hochul lè li te Gouvènè Adjwen kote li te Direktè Pwomosyon ak Evènman Espesyal. Mesye Aird-Bombo te travay nan kanpay prezidansyèl 2020 Mike Bloomberg la antanke Direktè Operasyon Rejyonal New York. Pozisyon anvan li yo te enkli sèvi kòm Responsab Anchèf pou Konferansye nan Konsèy Vil New York, Melissa Mark-Viverito ak Corey Johnson. Anvan sa, li te pase tan ap travay nan sistèm Lekòl Piblik New York la antanke Direktè Operasyon. Mesye Aird-Bombo, te fèt nan Bronx epi li te leve nan Brooklyn, li te retounen nan Bronx an 2018 pou achte premye kay li ak mari li, Andy.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)